*Дала бакъо толайойла!*

# Зама
# Время

zama95.ru vk.com/zama_shali ikhsan_zama@mail.ru

Газета выходит с 1933г.
19 июля 2025г. № 51 (93444)

Свободная цена

**Муниципальное бюджетное учреждение «Шалинская районная газета «Зама»**

*НР-н Хьалхарчу Президентан 74 шо ккачарна т1екхочуш*

## Кадыров Ахьмад-Хьаьжех лаьцна дош



**Хьалхара т1ом д1абирзина дукха хан йацара. Адам хьовха, 1алам а дара т1еман ирчачу т1аьхьалонаша х1оттийна, к1аддина. Йуьртара г1ала боьдучу некъаца блокпосташ дукха хилар бахьанехь дийнна де ца тоьара д1асаваха. Саьлнашкахь 1уьллучу Нохчийчохь белхан меттигаш йанне йацара ала мегар долуш хьал дара. Иштта, рицкъ хилла, х1етахь «Вайнах» радиохь литературин-исбаьхьаллин редакцин редактор хиллачу Исраилова Яхитех беркат даьлла, «Вайнах» радио балха йахар хилира сан. Радион коьрта редактор, Дала гечдойла цунна, Кусаев 1адиз вара.**

Лакххахь ма-аллара, т1ом д1абаьлла шераш чолхе, хала дара. Нохчийчу баьржина вайн наха «акха 1аьрби» олучу нахах болу 1аьрбой бара, шаьш вайн махка «ц1ена дин деана» бохуш, нахана йа динца а, йа вайн къоман оьздангаллица а цхьаьна ца дог1у «х1умнаш» коча тийса хьийзаш.

И мур, цхьана дашца аьлча, нохчашлахь «ваххабизм» боху дош дуьххьара девзина мур бара. Ваша вешица, лулахо лулахочуьнца иэг1аш, тезетахь а, мовлидехь а т1ехь, нах вовшех хьерчаш, д1асакъаьсташ меттигаш а хуьлура. Ткъа уггаре ца товш дерг, цхьайолчу йарташкахь, 1аьрби хилча тоам беш, цуьнга нохчийн йо1 маре луш меттигаш хилар а дара.

Иштта, цхьана дийнахь Кусаев 1адизера пурба а даьккхина, Нохчийн Республикин Муфти волчу Кадыров Ахьмад-Хьаьжас х1ун эр дара техьа оцу ваххабизмах а, вайн махкарчу хьолах а аьлла хатта дагахь, интервью эца йахара со. «Минутка» олучу меттехь йара Муфтият.

Х1етахь со дуккха а жима йара. Делахь а, вайн халкъах кхетта сиркхо хала ловш йара. «Ахьмад-Хьаьжа, нохчийн йоь1ан мах 2 б1е доллар буй?» -хьаьттира ас. Г1орг1а аз долчу цуо: «Вай дера бац-кх!» - аьлла, буьрсса жоп делира. «Т1аккха, вайн нохчийн йоь1арий 200 - 300 доллар делча Хаттабаца баьхкинчу 1аьрбашка маре х1унда луш бу вай? И цхьаъ ду, шолг1а делахь, вай х1инцалц стаг велча зуькар а деш, зуда йалийча ловзар а деш хилла нохчий ма-дара, ткъа х1инца дерг ма-доккха х1ума ду вайн махка х1оьттинарг… И ваххабизм а мичара йаьлла вайн махка? Т1ом д1а а баьлла вайна, Хаттаб а, цуьнца баьхкина мел болу хийра нах а шайн ц1а д1а а х1унда ца хьовсабо вай? Цунах лаций а дийцахьа», - сайн дагахь ма-хиллара хаттарш дира ас.

«Йо1, болх беш мукъана йуй и хьан карара диктофон?» - хьаьттира Ахьмад-Хьаьжас. (Иза дукха тиша йара сан). «Дера йу». «Делахь хьалалатайел иза!» - аьлла, долийра цуо къамел. Ахьмад-Хьаьжас, бухера дуьйна кхетош дийцира ваххабизм ц1е йолу болам мичахь, маца кхоллабелла а. Иза вайн махкахь йаржо арабевллачийн 1алашо х1ун йу а.

Радиохь эфире йелира ас кеччйина передача. Тхан йуьртахоша а, гергарчу наха а, кар-кара оьцуш, ладуг1уш лелийра сан кассета, амма цхьамма йаьхначохь йайра иза. Бакъду, суна дов деш берш а бара: «хьуна санна, нахана а гуш дара вайн махкара хьал а, ваххабизм а, иштта х1ума дийца кхераме ма-ду», - олура цара. Дан а дара кхераме. Балха вахнарг вуьйш, жимма сом дерг лачкъош, кху оьзда лаьттинчу махкахь эвхьазалла йаьржинера.

Со шен хенара йолуш санна, боккха ларам бира Кадыров Ахьмад-Хьаьжас сан. Шегара г1о эшахь, не1арехь ца лаьтташ, чу йан мегар ду, аьлла г1иллакх лецира. Интервью д1айаьлча жимма къамел деш а 1ийра тхо. Оцу къамелах дика дагадог1уш цхьа х1ума а ду.

- Ахьмад-Хьаьжа, со санна йолчу 1овдална йа 1аьрбийн йоза а, йа мотт а ца хаьа. Ткъа, суна хазарехь, Деле доьхуш деш долу до1а 1аьрбийн маттахь бен хила йиш йац техьа?

- Вай! Хьан боху иза? Дера йу-кх, дукха йиш-м! Т1аккха ша дуьненчу ваьлчахьана мотт ца хуучо муха доьхуш ду аьлла хета царна иза? До1а дагца деш ду. Вайн дист хила хьашто йоцуш, дерриг хезаш а, гуш а ву къинхетаме Аллах1.

Дала г1азот къобалдойла Ахьмад-Хьаьжин! 1аламат боккха иэшам бара Ахьмад-Хьаьжа д1авалар. Цуьнан суьрташ т1ехь йолчу хебаршка хьаьжча хеталур ду иза д1аволучу шарахь цуьнан 70 шо, йа кхин а сов хан хилла аьлла. Ткъа иза нохчийн махка боьссинчу балано къанвина, чахчийна, дуьззина 53 шо а кхачаза волу г1еметтах1оьттина, уггаре хаза хан йолу, ша 1амийначу 1илманан пайда схьало хан бен йоцу стаг вара…

**З. ЭЛЬДЕРХАНОВА.**

*Власть и политика*

## В ЧР утвердили госпрограмму по развитию беспилотной авиации

17.07.2025 г. ***Председатель Правительства ЧР Магомед Даудов провел заседание, в ходе которого было рассмотрено и одобрено свыше 30 проектов постановлений. Принятые нормативно-правовые акты направлены на социально-экономическое развитие региона, поддержку населения, а также охрану окружающей среды.***



Как отметил Даудов, в Чечне значительное внимание уделяется комплексному развитию региона.

*«Глава ЧР, Герой России Рамзан Ахматович Кадыров уделяет особое внимание всестороннему развитию Чеченской Республики, повышению благосостояния населения и обеспечению устойчивого социально-экономического роста», — подчеркнул он.*

В числе одобренных документов — меры по развитию сферы образования, сельского хозяйства, охране экологии, поддержке многодетных семей, а также утверждение государственной программы «Развитие беспилотных авиационных систем в Чеченской Республике».

***ИА "Грозный-информ"***

*В зоне проведения СВО*

## Российский снайпер за один боевой выход уничтожил около 30 украинских дронов «Баба-Яга»

18.07.2025 г. ***Снайпер из состава 5-й гвардейской бригады 51-й гвардейской армии Южного военного округа поразил несколько десятков украинских беспилотников типа «Баба-Яга» за один боевой выход. Об этом сообщил его сослуживец с позывным Беня, передает РИА Новости.***

По словам военнослужащего, речь идет о бойце с позывным Бурый. В течение трех месяцев он уничтожил не менее 30 гексакоптеров, что подтверждено видеозаписями.

*«За этот промежуток времени у нас именно гексакоптеров, так называемых «Баба-Яга», было подтвержденных с видеозаписью 30. И на словах еще от 10 до 15, просто не было возможности у нас записывать, надо было выходить и быстро урабатывать», — сообщил Беня.*

Он также отметил, что наиболее уязвимым элементом дронов являются аккумуляторы — при попадании в них беспилотники либо воспламеняются, либо теряют управление и падают.

***ИА "Грозный-информ"***



*В Шалинском социально-реабилитационном центре для несовершеннолетних*

# К детям приехали «веселые клоуны»



Нынешним летом воспитанникам государственного бюджетного учреждения «Шалинский социально-реабилитационный центр для несовершеннолетних» на 100 мест, находящегося в ведении Министерства труда, занятости и социального развития Чеченской Республики (директор З.М. Адуева), скучать не приходится. В Центре регулярно проводятся разные мероприятия, направленные на укрепление здоровья и поднятие настроения детей.

В целях создания положительного эмоционального настроя и укрепления дружеских отношений между детьми было проведено развлекательное мероприятие «Весёлый клоун». В гости к ребятам пришли весёлые клоуны, которые сразу же расположили к себе детей своей добротой, забавными шутками и яркими нарядами. Воспитанники с радостью приняли участие в интересных конкурсах, играх и весёлых эстафетах: «Лови мяч», «Пронеси шарик», «Смешная зарядка», «Найди свой цвет», «Танец с клоуном». Клоуны развлекали детей загадками, фокусами, весёлыми историями, а также приглашали танцевать под зажигательную музыку.

Ребята смеялись, хлопали в ладоши и с удовольствием включались в каждое новое задание. Развлечение прошло весело и динамично. Дети получили массу положительных эмоций, а «весёлые клоуны» оставили после себя яркие воспоминания и хорошее настроение на весь день.

# Игровое занятие дало заряд бодрости

В рамках физкультурной работы с воспитанниками Шалинского СРЦН было проведено игровое занятие «Игры с мячами», направленное на развитие двигательной активности и формирование интереса к подвижным играм с различным спортивным инвентарём. Воспитатели познакомили детей с несколькими видами мячей (маленькие, средние, большие, мягкие и резиновые), предложили выполнить простые упражнения: перекатывание мяча друг другу; метание в цель; ведение мяча между предметами; игры-эстафеты с мячами.



Особый интерес вызвали командные игры и элементы соревнования. Дети активно включались в игровую деятельность, старались выполнять задания точно и быстро, поощряли друг друга аплодисментами. Занятие проходило в позитивной, доброжелательной атмосфере, с соблюдением мер безопасности. Все воспитанники были вовлечены в процесс и получили заряд бодрости и положительных эмоций.

Игры с мячами способствуют развитию координации, меткости, ловкости и умения взаимодействовать с другими детьми. Занятие вызвало у воспитанников интерес к продолжению подобных игр как в помещении, так и на свежем воздухе.

# С воспитанниками провели игру «Где же наши ручки?»

В рамках работы по развитию двигательной активности и координации движений, с воспитанниками была проведена игра «Где же наши ручки?».

Цель мероприятия — развитие мелкой моторики, координации, чувства ритма, а также формирование положительного эмоционального фона у детей.

Во время игры воспитатель предлагал детям выполнять движения под весёлую ритмичную музыку, сопровождая действия словами: «Где же, где же наши ручки? Вот они, вот они!» Ребята с удовольствием повторяли движения, хлопали в ладоши, поднимали и прятали руки, активно включались в игровой процесс.

Игра прошла в увлекательной и дружелюбной атмосфере. Дети проявили интерес, ловкость и хорошее настроение.

В завершение воспитатель похвалил всех участников и предложил повторить игру в следующий раз, добавив новые элементы движений.

Проведение подобных игр способствует не только развитию физических навыков, но и укреплению доверительных отношений между детьми и взрослыми, развитию речи и внимания.

# «Все профессии хороши – выбирай любую!»

В целях расширения кругозора и формирования интереса к выбору будущей профессии для воспитанников социально-реабилитационного центра для несовершеннолетних г. Шали была организована экскурсия по предприятиям города, в рамках которой дети ознакомились с рядом востребованных и значимых профессий.

Первым пунктом экскурсии стало муниципальное унитарное предприятие «Водоканал Шалинского муниципального района», где ребятам рассказали о важной и ответственной работе людей, обеспечивающих город Шали и другие населенные пункты чистой питьевой водой. Дети увидели процесс очистки и подачи воды, узнали о роли в этом важном деле инженеров, операторов и лаборантов.

Далее группа посетила местное отделение «Газпрома». Сотрудники предприятия рассказали о системе подачи газа, принципах безопасности и работе специалистов газовой службы. Воспитанники с интересом наблюдали за техническим оборудованием и задавали вопросы о профессии газовика.

Заключительным этапом экскурсии стало посещение небольшой фирмы по производству пластиковых окон и дверей. Здесь детям продемонстрировали процесс изготовления современных оконных конструкций – от работы станков до ручной сборки. Особое внимание было уделено таким профессиям, как технолог, оператор, сборщик и дизайнер изделий.

Экскурсия прошла в тёплой и познавательной атмосфере. Дети получили массу впечатлений, новых знаний и задумались о возможных направлениях своей деятельности в будущей взрослой жизни

# Встреча с врачами Республиканского центра

Недавно Шалинский СРЦН принял у себя важных гостей — представителей Республиканского центра по профилактике и борьбе со СПИД Министерства здравоохранения Чеченской Республики.

В рамках визита врачи Центра провели встречу с коллективом учреждения, в ходе которой рассказали о значении своевременной профилактики ВИЧ-инфекции и мерах по борьбе с распространением СПИДа. Особое внимание было уделено необходимости повышения информированности населения, особенно молодежи о путях передачи инфекции, методах защиты и важности регулярного медицинского обследования.

Гости подчеркнули, что проблема ВИЧ/СПИД остается актуальной и требует постоянного внимания со стороны как медицинских специалистов, так и общества в целом.

Подобные профилактические встречи способствуют формированию ответственного отношения к собственному здоровью и здоровью окружающих.

Руководство и сотрудники СРЦН выразили благодарность гостям за визит и весьма полезную информацию о коварной болезни. Такие мероприятия не только повышают уровень информированности, но и укрепляют межведомственное взаимодействие в деле защиты здоровья подрастающего поколения.

***Хава АЛИЕВА,***
***заведующая отделением социальной реабилитации Шалинского социально-реабилитационного центра для несовершеннолетних.***

*Хорошая инициатива!*

# ФАС предлагает продавцам школьных товаров ограничить цены в преддверии учебного года

**У родителей сейчас ответственная пора подготовки детей школьного возраста к новому учебному году. Они закупают школьные товары, заранее обеспечивая своих детей всем необходимым в ходе предстоящего учебного процесса. Это школьная форма, рюкзаки или ранцы, канцтовары и т.д.**

Чтобы в какой-то мере облегчить эту задачу родителям в финансовом отношении, Федеральная антимонопольная служба (ФАС) России обратилась к продавцам школьных товаров с предложением присоединиться к инициативе по сдерживанию цен и ограничению наценок в период подготовки к учебному году. Об этом пишет РИА Новости.

***"Для повышения доступности товаров для потребителей ФАС России предлагает продавцам школьных товаров присоединиться к инициативе по ограничению цен и наценок в период подготовки к новому учебному году", - говорится в сообщении.***

В 2024 году по предложению ФАС сеть магазинов "Детский мир" зафиксировала цены на 32 позиции канцелярских товаров, а также на отдельные модели рюкзаков и ранцев. Кроме того, компания проводила дополнительные скидки и промоакции на широкий ассортимент школьных товаров.

***ИА "Грозный-информ"***



*Кхолларалин адамаш*

# ПохIме актер вара Джандаров Муса

Кхи шо сов хьалха вайна йукъара дIавахана волу Нохчийн Республикин халкъан артист Джандаров Муса вина 1949-чу шеран аьхка Малхбале Казахстанехь, Усть-Каменогорск гIалин уллорчу Белоусовка йуьртахь. Цуьнан да Йоккхачу АтагIара Джандаров Дуккуз вара. Кхеран доьзалехь пхи кIант вара, Муса царна йукъахь воккханиг а волуш.

1957-чу шарахь меттигерчу школе деша вахара Муса. Шина шарахь цигахь дешначул тIаьхьа, кхеран доьзал Йоккхачу АтагIа цIабирзира.

Джандаров Муса Йоккхачу АтагIарчу йуккъерчу школин лакхарчу классан дешархо вара йуьртарчу клубе дуьххьара Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан драмин театран артисташ баьхкича. Цу дийнахь цо сацам бира актеран корматалла карайерзо.

1969-чу шарахь велира Муса Йоккхачу АтагIара йуккъера школа чекхйаьккхира. Актер хила боккха лаам болуш вара жима стаг. Эххар а, 1970-чу шарахь Советски Союзан Турпалочун Нурадилов Ханпашин цIарахчу Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан драмин театре балха хIоьттира иза. Цул тIаьхьа цунах актер а хилира, иштта, сцени т1ехь болх беш дуккха шераш д1адевлча, «Нохч-ГIалгIайн Республикин хьакъволу артист» а, «Нохчийн Республикин халкъан артист» а сийлахь ц1ераш а йелира цунна. Бакъду, белхан меттиг цахиййцина цо 50 шарахь. Ша валлалц Нохчийн пачхьалкхан драмин театран актер вара М. Джандаров. Атта цахилла цуьнан кхоллараллин некъ. Амма хьаналчу къинхьегамо а, театре болчу безамо а халкъана везаш волу актер вира цунах.

1974-чу шарахь Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан драмин театран сцени тIехь режиссера Солцаев Мималта «Хилаза ца ваьлла хилла шайх» спектакль хIоттийра. Хьовсархоша хазахетарца тIелецира вайн турпалхочо кхоьллина Мубарикан васт. Дуккха а шерашкахь вайн къоман театран репертуарехь лаьттира Джандаров Мусас говзачу ловзарца серлайоху «Хилаза ца ваьлла хилла шайх» спектакль.

– 1980-чу шарахь дара къоначу режиссера Хачукаев Сайд-Мохьмада вайн къоман театран сцени тIехь узбекийн яздархочун Ходжаев Сайд-Ахьмадан говзарна тIехь «Несарийн гIаттам» спектакль хIоттийча. Буьрсачу марненах Форман-бибех а, цуьнан йалх несах а лаьцна йара спектакль. Форман-бибин жимах волчу кIентан Тухтин васт кхуллуш вара Муса, – йаздо НР-н культурин хьакъйолчу белхахочо Газиева Азас.

Сцени тIехь шадечух, лелочух спектакле баьхкина хьовсархой тешош, дика ловзара актер Джандаров Муса.

– ХХ-чу бIешеран 70-чу шерийн йуьххехь дара «Асланбек Шерипов» спектакль хIоттийча, – кхидIа а дуьйцу театроведа А. Газиевас. – Йоккха йацара Джандаров Мусах тешийна роль. Сцени тIехь ала деза дешнаш кIезиг дара. Делахь а, революцин тулгIенаша шен дахарх, олаллех вохийначу стеган ойланаш йовзуьйтуш, къеггина васт кхолла аьтто белира актеран. Мусан кхоллараллина беркате хилла ала мегар ду цо



элан Боройн васт кхоьллина «Асланбек Шерипов» спектакль. Сцени тIехь актера хьалхара гIулчаш йаьхначу спектаклех цхьаъ йу Солцаев Мималта хIоттийна «Асланбек Шерипов» спектакль. Цунна тIера дIадолало къоначу актеран кхоллараллехь томамийн ирхенашка кхийдар…

Театран тоьлла актераш бара «Ричард КхоалгIаниг» спектаклехь дакъалоцуш. Принц Уэльскийн васт кхоллар дара Джандаров Мусана тIедиллинарг. Йерриге а Нохч-ГIалгIайн культурин а боккха кхиам бара Солцаев Мималта хIоттийна спектакль.

М. Джандаровн тоьлла кхиам лараме гар ду режиссера Хакишев Руслана 1978-чу шарахь хIоттийначу «Бабуца, Габуца, Данел Дарданел а» спектаклехь кхоьллина Дарданелан васт а.

ХХ-чу бIешеран 70-чу шерашкахь дукха спектаклаш хIиттийна вайн къоман театро Мусас дакъа а лоцуш. Царах 1у: «ШолгIа тулгIе», «Лийрбоцурш», «Совдаттий, Дауддий», «Майрасолта», «ЦIий Iанийна ловзар», «Селисат», «Кориолан», «Ундаьржича хIоттийна той», «Ленининиана», «ТIехьийза кIентий», «Iаьржа чIаба», иштта дуккха а кхийерш. ХХ-чу бIешеран 80-чу шерашкахь Нохч-ГIалгIайн къоман театран говзачу актерийн могIарехь Джандаров Мусас шен меттиг йаьккхина.

Нохчийн къоман театран сцени тIехь 50 шарахь къахьийгира цо. Дукха васташ кхоьллина М. Джандаровс спектаклашкахь. Уьш дезаш тIелаьцна вайн махкахоша. Мусас хаддаза къахьегаро а, театре болчу безамо а винера цунах воккха актер. Дала гечдойла цунна!

*Зорбане кечйинарг –*
***МАТАГОВ Ихьсан.***

*Роспотребнадзор рекомендует*

# Как выбрать безопасный продукт?

Любимое прохладное угощение — отличный способ облегчить жаркий денек. Его любят не только дети, но и взрослые. Будь то эскимо на палочке или классический пломбир в бумажном стаканчике, сорбет из фруктов или традиционный вафельный рожок — среди всего разнообразия каждый найдет то, что придется по душе и по вкусу. Однако для настоящего удовольствия от мороженого важно, чтобы оно было не только вкусным, но и безопасным.

Мы рекомендуем при выборе мороженого обратить внимание на следующие моменты:

**Этикетка**. Ознакомьтесь с названием продукта. Мороженое с добавлением растительных жиров должно обозначаться производителем как «мороженое растительно-сливочное» или «мороженое с растительным жиром». В зависимости от массовой доли молочного жира, входящего в состав продукта, выделяют




следующие виды мороженого:

- молочное — не более 7,5% молочного жира;
- сливочное — 8-11,5% молочного жира;
- пломбир — не менее 12% молочного жира;
- кисломолочное — не более 7,5% молочного жира;
- с заменителем молочного жира (смеси молочного и растительного жиров) — не более 12% м. д. молочного жира.

**Вес.** Вес порции должен быть указан в граммах, ведь сведения об объёме в миллилитрах не отражают фактическую массу мороженого.

Стабилизаторы предусмотрены технологией производства мороженого, они позволяют продукту сохранять форму. При производстве допускаются следующие натуральные стабилизаторы и загустители: камедь рожкового дерева (E410), гуаровая камедь (E412), ксантановая камедь (E415), камедь тары (E417), пектин (E440), желатин, альгинат натрия (E401) и некоторые другие.

**Внешний вид.** Качественное мороженое должно быть равномерно окрашено. «Оттенки белого» зависят от процента жирности: чем он выше, тем «желтее» цвет. Если вы заметили, что мороженое с какой-либо добавкой неоднородного цвета, — это может означать, что на производстве мороженую массу плохо перемешали с натуральной добавкой или красителем. Исключение составляют виды мороженого с послойным внесением нескольких натуральных красителей, создающих заданный производителем рисунок.

**Текстура и форма**. Мороженое делится на два вида по способу производства: мягкое и закалённое. Закалённое мороженое производится из смеси, которую затем фрезеруют, расфасовывают и подвергают шоковой заморозке (закаливанию) до температуры ниже -18°С, и поддерживают температуру мороженого на таком уровне при хранении, транспортировке и реализации. Мягкое мороженое не проходит стадию закаливания и поэтому имеет меньший срок хранения.

**Важно:** Вынутое из морозильной камеры мороженое должно откалываться, а не размазываться.

Мороженое должно сохранять свою первоначальную форму, деформация указывает на то, что был нарушен режим хранения. Если мороженое подвергалось размораживанию и повторно замораживалось, это негативно скажется не только на вкусовых качествах продукта, но и на его безопасности. Первый признак повторного замораживания — это ощущение «песка», вызванное мелкими кристалликами льда, образующимися при повышении температуры хранения до 12-13 °С и именно при этой температуре начинаются процессы микробиологической порчи продукта, что может вызвать расстройство кишечника.

Всегда обращайте внимание на срок годности, если маркировка стёрта или размыта, то лучше откажитесь от покупки.

На упаковке мороженого указаны: состав, производитель и его адрес, дата производства, срок и температура хранения.

***А. ЭДИЛЬГИРИЕВ,***
***начальник территориального отдела Управления Роспотребнадзора по Чеченской Республике в Курчалоевском районе.***

*Информация к размышлению*

# В ЧР открыто более 120 вакансий для врачей

***В Чеченской Республике продолжается работа по укомплектованию системы здравоохранения квалифицированными кадрами. В медицинских организациях региона открыто более 120 вакансий для специалистов различного профиля — как с опытом работы, так и для начинающих медиков, сообщили в пресс-службе ведомства.***

**Наибольший спрос наблюдается на следующие специальности:**

- травматологи-ортопеды — специалисты требуются сразу в нескольких центральных районных больницах и городских поликлиниках;
- педиатры и терапевты, в том числе участковые и поликлинические;
- гастроэнтерологи, урологи, инфекционисты, нейрохирурги, психиатры и фтизиатры;
- врачи скорой медицинской помощи.

*«Полный список вакансий регулярно обновляется и доступен на федеральном портале «Работа в России»: trudvsem.ru», — отметили в Минздраве.*

В ведомстве добавили, что желающим трудоустроиться в медучреждения региона рекомендуется обратиться к опубликованному списку на портале или получить подробную информацию в центрах занятости по месту нахождения интересующей организации.

*ИА "Грозный-информ"*

*Спорт*

# У «Ахмата» новый главный тренер

После ухода главного тренера футбольного клуба «Ахмат» Сергея Ташуева эта должность была вакантной. Недавно новым главным тренером команды назначен Александр Сторожук. Контракт с ним подписан на три года.

До последнего времени А. Сторожук возглавлял тульский «Арсенал».

Отметим, что он ранее много лет трудился в системе «Краснодара», некоторое время был даже главным тренером этой команды.

Первая игра «Ахмата» под его руководством пройдет завтра, 20 июля, в Грозном, против казанского «Рубина».

*Р. ДАСАЕВ*




«Зама»
Главный редактор И. Д. Якубов

Газета освещает события, происходящие в Шалинском муниципальном районе

Учредитель/издатель: МУ «Администрация Шалинского муниципального района»
Адрес учредителя/издателя: 366300, г. Шали, ул. Сугаип-муллы Гайсумова, №4

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Чеченской Республике от 06 мая 2013г.
ПИ № ТУ 20-00078

Адрес редакции: 366300 г. Шали, ул. Орджоникидзе, д. №4 («Бизнес-центр»)

Подписано в печать 19.07.2025 г. в 09 ч. 25 м.
По графику – 19.07. в 10.00
Тираж 1000 экз.
Заказ №

Газета набрана и сверстана на компьютерной базе редакции газеты «Зама»
Отпечатана в АО Издательско-полиграфический комплекс «Грозненский рабочий».
Адрес издательства/типографии: 364021, ЧР, г. Грозный, ул. Интернациональная, 12/35